



Pou Piblikasyon Imedya: 13/04/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOGRÈ PWOGRAM VEYIKIL ELEKTRIK ETA  
NEW YORK LA EPI ANKOURAJE NOUYÒKÈ YO POU VIZITE PIS ESÈY VEYIKIL  
ELEKTRIK ALENTERYÈ NAN NEW YORK INTERNATIONAL AUTO SHOW**

*Yo planifye dis chajè rapid EV EVolve NY pou ayewopò LaGuardia, pral ouvri an  
2023*

*Rezo EVolve NY a gran vitès elaji a 100 chajè atravè Eta New York, sa ki rann EV  
yo pi fasil pou kondui epi dekarbonize sektè transpò a*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke pwogram veyikil elektrik Eta New York la ak yon pis esèy EV ki mache ak chajè a gran vitès EVolve NY otorize Otorite Elektrik New York (New York Power Authority, NYPA) la pral nan premye plan ane sa a nan [New York International Auto Show](#) (Salon Oto Entènasyonal New York) k ap ouvri nan Javits Center vandredi 15 avril, jiska 24 avril. Gouvènè Hochul te anonse tou dis chajè rapid, ki kapab alimante EV konpatib yo nan mwens pase 30 minit, yo pral enstale nan Port Authority (Otorite Pòtyè) nan New York ak nan Ayewopò LaGuardia New Jersey nan kad rezo rechaj rapid EVolve NY NYPA a. Rezo rechaj veyikil elektrik EVolve NY eta a pral byento genyen plis pase 100 pò rechaj a gran vitès atravè eta a. Anplis de sa, pou sipòte envestisman 1 milya dola eta a pou sipòte adopsyon ak enfrastrikti EV nan Diskou sou sitiasyon Eta 2022 li a, Gouvènè Hochul te envite piblik la vizite izolwa Charge NY eta a nan Auto Show pou aprann sou pwogram eta a ki sipòte acha EV, kondui ak chaje epi vizite pis esèy Nivo 1 ki mache ak chajè EVolve NY yo.

"Veyikil elektrik yo se kle pou dekarbonize sistèm transpò nou an epi pandan endistri oto mondyal la ap envesti anpil nan dènye veyikil zewo emisyon yo, New York pral kontinye konsantre sou elaji rezo rechaj rapid nou an atravè eta a ak ankouraje EV yo, ki pral ede nou tranzisyon nan direksyon yon avni ki pi an sante, ki pi vèt", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen fyè pou m reyakeyi New York International Auto Show an pèsòn nan New York ane sa a epi mwen ankouraje tout moun pou vizite Auto Show pou wè ki jan EV yo ap vin entegral rapidman nan ekonomi enèji pwòp New York la."

Vizite Auto Show yo ka pran yon woulib, ak yon chofè otorize, nan yon seri EV epi eksplòre ekspozisyon ki ankouraje konsyantizasyon konsomatè yo ak adopsyon EV ki gen ladan ekspozisyon Charge NY New York nan Nivo 1 toupre estasyon rechaj EVolve NY yo ak Pis Esèy EV prensipal la.

NYPA ap bay sèt chajè Nivo 2 pou pis esèy la, ki disponib pou nenpòt ekspozan ki gen yon EV. Se Enel X ki bay chajè JuiceBox Nivo 1 pou pis esèy EV yo.

Gouvènè Hochul te anonse jodi a tou ke 10 chajè a gran vitès ak puisans ki ale jiska 350 kW te apwouve nan Ayewopò LaGuardia Port Authority a nan Queens. Yon pati nan rezo EVolve NY la, sant la pral youn nan pi gwo estasyon rechaj rapid ki aksesib piblikman pou EV yo nan Nòdès la. Yo pral enstale chajè yo nan yon nouvo espas ki pral devlope sou Runway Drive ant Tèminal A ak B epi yo prevwa yo pral ouvri an 2023. Chajeur yo pral sèvi piblik la an jeneral, ki gen ladan chofè ki pataje woulib yo ak chofè taksi yo, epi yo ta dwe bay tout EV yo chaj, ki gen ladan Teslas ak yon adaptè. An 2020, yo te ouvri yon sit ki sanble ak li nan Ayewopò Entènasyonal JFK a. Nan dènye ane a, sit JFK a te gen plis pase yon ogmantasyon ki senk fwa plis nan itilizasyon, li te anrejistre plis pase 11,000 sesyon rechaj.

Chajè rapid yo pral konplete 11 chajè a vitès mwayèn ki egziste deja ki sèvi kliyan ki pake nan garaj pakin anndan ayewopò a. An 2021, Port Authority te vin [premye ajans transpò](#) nan nasyon an ki te adopte objektif rediksyon gaz a efè sè Administrasyon Biden lan ak yon plan pou reyalize zewo emisyon kabòn nan tout enstalasyon li yo rive 2050. Anplis de sa, ajans lan te fikse nouvo objektif pwovizwa pou diminye emisyon dirèk nan kad Port Authority a 50 pousan rive 2030.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa Otorite Enèji New York, Justin E. Driscoll, te deklare,** "Veyikil elektrik yo byen plase devan sèn lan nan New York International Auto Show ane sa a. Lè yo gade nouvo modèl EV epi aprann plis disponiblite rechaj yo, vizitè yo Auto Show yo ka wè poukisa anpil Nouyòkè ap chwazi kondui EV. Otorite Elektrik New York te fè gwo pwogrès nan elaji rezo rechaj rapid EVolve NY li a, li tèlman te fè sa nou pral gen 100 chajè rapid byento ki sitiye yon fason estratejik nan tout eta a, ki enkli nan ayewopò yo, pakin minisipal ak prive yo ak nan lokal magazen yo. Nouyòkè yo ka chèche chajè EVolve NY sou Google Maps pou jwenn kote ki chajè rapid nan katye yo."

**Prezidan Otorite Pòtyè New York ak New Jersey, Kevin O'Toole, te deklare,** "Lè nou bay 10 nouvo chajè rapid nan Ayewopò LaGuardia a, nou espere bay plis chofè opsyon rechaj pratik nan ayewopò a. Port Authority ap kontinye jwenn fason ke nou menm kòm yon ajans kapab redwi emisyon kabòn, e sa sètènman gen ladan ogmante kantite estasyon rechaj piblik ki disponib yo."

**Rick Cotton, Direktè Ekzekitif Otorite Pòtyè New York ak New Jersey, te deklare,** "Port Authority a rete angaje pou reyalize yon plan vizyon nèt zewo nan tout ajans la epi jodi a nou kontinye angajman sa a ak anons 10 nouvo chajè EV ki pral vini nan Ayewopò LaGuardia a. Avèk èd patnè nou yo nan Otorite Pòtyè New York, Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta New York ak Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services, OGS) Eta New York, Ayewopò LaGuardia pral kapab bay yon nouvo rezo chajè rapid EV piblik, ki finalman diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak mennen nou pi pre yon avni enèjetik pwòp."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji ak Koprezidan Konsèy sou Klima a Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare,** "Veyikil elektrik yo se avni nou epi mwens kontan wè yo parèt nan premye plas nan salon oto New York la. Sa a se yon opòtinite ekselan pou Nouyòkè yo aprann plis sou avantaj sante ak anviwònmantral machin sa yo ofri epi pran youn pou youn tès kondwi pou wè ki jan yo vrèman agreyab pou opere yo."

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral (Department of Environmental Conservation, DEC) ak Ko-prezidan Konsèy Aksyon Klima a, Basil Seggos, te deklare,** "Sektè transpò a se youn nan pi gwo kontribitè emisyon gaz ki lakòz efè sè nan Eta a epi nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, n ap avanse efò pou sipòte adopsyon ak enfrastruktir machin elektrik ak tranzisyon nan otobis ak kamyon zewo emisyon. Atravè pwogram tankou pwogram Kominote ki Entelijan sou plan Klimatik (Climate Smart Communities) DEC la pou gouvènman lokal yo diminye emisyon ak pwogram Veyikil Zewo Emisyon (Zero-Emission Vehicle, ZEV) minisipal la ki ede achte oswa lwe nouvo veyikil zewo emisyon, DEC konsantre sou asire transpò ki pi pwòp, ki pi vèt pou tout Nouyòkè yo pou amelyore sante piblik epi konbat chanjman klimatik kounye a ak pou jenerasyon k ap vini yo."

**Direktè Egzekitif Otorite Thruway a, Matthew J. Driscoll te deklare,** "Otorite Thruway la ap kreye yon rezo estasyon rechaj veyikil elektrik ki laj, ki se eleman kle pou ogmante itilizasyon veyikil elektrik zewo emisyon yo. Akoz envestisman Thruway nan enfrastruktir EV, kounye a genyen 40 estasyon rechaj EV ki an fonksyon nan pak transpò Thruway yo, zòn sèvis chwazi yo, ak Sant Akèy yo, anplis omwen de estasyon rechaj EV wo nivo nan chak zòn sèvis Thruway la pou rive nan fen 2024. Objektif nou se kreye yon koneksyon solid, pou soti nan yon ekstremitè pou rive nan yon lòt nan plis pase 120 estasyon EV ki rechaje rapid ak yon mwayèn 48 km ant chak lokal nan tout sistèm lan."

**Komisè Depatman Transpò a, Marie Therese Dominguez te deklare,** "Misyon Depatman Transpò Eta a se pou bay Nouyòkè yo yon sistèm transpò ki an sekirite, efikas, ekilibre epi ki bon pou anviwònman an. Veyikil elektrik yo se youn zam enpòtan nan batay pou redwi gaz ki lakòz efè sè epi nou fyè pou nou sipòte ajanda New York la k ap mennen nan nasyon an pou konbat chanjman klimatik epi inogire yon ekonomi ki pi vèt."

**Komisè Pwovizwa epi Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral deziyen Empire State Development, Hope Knight, te deklare,** "Eta New York ap akselere objektif enèji pwòp li yo ki pi enpòtan nan peyi a atravè pwogram ki pral ankouraje itilizasyon veyikil elektrik epi elaji rezo rechaj rapid yo. Charge NY, EVolve NY ak Rabè pou Kondui yon Fason Ekolojik (Drive Clean Rebate) sipòte efò anbisyè eta a pou kreye enfrastruktir enèji pwòp ak djòb ki pral ranfòse tranzisyon nou an nan direksyon on ekonomi vèt."

**Leonard Singh, Vis Prezidan Prensipal Con Edison, te deklare,** "Con Edison fyè pou li patwone Pis Esèy Veyikil Elektrik New York Auto Show a nan moman istorik sa a pou endistri otomobil la. Pandan mache veyikil elektrik la ap akselere, li enpòtan pou asire

ke gen yon rezo rechaj solid an plas, ak youn ki pral sipòte fyabilite rezo elektrik la. Atravè pwogram EV nou yo, n ap ede fè sa vin yon reyalite pou New York."

### **Charge NY**

Vizitè ki nan izolwa Charge NY Eta a nan Nivo 1 (izolwa # 1509) ka chita nan yon Ford Mustang Mach-E epi aprann sou tout òf Eta New York pou mete plis machin ak kamyon elektrik sou wout la.

Ane pase, Gouvènè Hochul te siyen lejislasyon ki fikse yon objektif pou tout nouvo machin pasaje ak kamyon yo vann nan Eta New York pou yo gen zewo emisyon disi 2035 epi machin tout-tèren yo ak nouvo machin pwa mwayen ak pwa lou yo pral swiv yo an 2045. Pou reyalize nivo adopsyon EV ki nesèsè, Eta New York ap kontinye investi nan enfrastrikti EV, devlope konfyans konsomatè yo pou yo kapab jwenn chajè fasil, epi fè EV yo abòdab pou tout Nouyòkè yo.

Inisyativ Charge NY eta a ap ede akselere lavant machin elektrik nan ogmante konsyantizasyon sou teknoloji ak sipòte enstalasyon plis estasyon rechaj pou rann li fasil pou vwayaje nenpòt kote nan New York nan yon machin elektrik. Kolaborasyon ant NYPA, Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la (NYSERDA) ak Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal Eta New York la vize avanse objektif Eta a pou redwi emisyon gaz efè sè yo a 40 pousan avan 2030 atravè pwogramasyon veyikil elektrik, enfrastrikti, edikasyon ak sipò.

### **EVolve NY**

Rezo [EVolve NY](#) gen 84 chajè a gwo vitès ki fonksyone atravè Eta New York ak plis pase 100 yo prevwa pou mwa pwochen. Pou yon kat jewografik ki montre chajè EVolve NY yo, klike [isit la](#).

Pwogram [EVolve NY](#) NYPA a gen pou objektif pou rann veyikil elektrik pi fasil pou posede nan Eta New York pou ede dekarbonize sektè transpò eta a. Yo lokalize chajè rapid yo nan gwo koridò vwayaj yo epi yo konpatib ak tout kalite modèl EV aktyèl yo. Yo enstale chajè yo nan zòn yo soti Buffalo rive Albany ak Adirondacks rive Long Island.

### **Rabè pou Kondui yon Fason Ekolojik**

Inisyativ Charge NY la ofri achtè EV yo yon [Rabè pou Kondui yon Fason Ekolojik](#) ki rive jiska 2,000 dola pou achte oswa lwe nouvo machin atravè yon pwogram NYSERDA dirije. Achtè yo kapab tou pwofite kredi enpo federal pou machin elektrik, ki bay jiska 7,500 dola pou achte nouvo machin elektrik yo.

Lòt inisyativ eta a k ap avanse transpò pwòp gen ladan [EV Make Ready](#), ki ankouraje deplwaman estasyon rechaj yo lè li kouvri jiska 90 pousan nan depans devlopè yo pou prepare yon sit pou rechaj EV ak [Pwogram Ankourajman Koupon pou Kamyon New York](#) (New York Truck Voucher Incentive Program, NYTVIP) la, ki ede flòt piblik ak prive yo achte kamyon ak otobis ki degaje emisyon fèb oswa zewo emisyon.

Chofè pifò machin elektrik yo ka kalifye tou pou rabè sou peyaj Thruway Eta New York la atravè [Plan Rabè Lèse Pase Vèt Otorite Thruway](#) (Thruway Authority's Green Pass Discount Plan) la ak nan pon ak tinèl yo nan Vil New York atravè [Pwogram Lèse Pase Vèt Port Authority a](#) (Port Authority's Green Pass Program). Anplis de sa, [Pwogram Lèse Pase Pwòp](#) (Clean Pass Program) la pèmèt chofè sa yo itilize liy veyikil ki gen anpil moun (HOV) lè y ap kondui poukont yo.

### **Plan Klimatik Nasyonal Eta New York la**

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekitab nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lwa atravè lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektrisite zewo emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li chita sou investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 33 milya dola nan 102 pwòjè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.6 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, investisman sa yo pèmèt kenbe prèske 158,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2020, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035. Selon lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan investisman nan enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)